Chengeta huku tibaye



Chiedza nekudziya

Zuva rekutanga kusvika rechi 7, 32 - 35°C. nemaawa 24 echiedza
Zuva rechi 8 kusvika rechi 14, 27 - 32°C nemaawa 14 echiedza pazuva roga roga.
Zuva rechi 15 kusvika rechi 21, 24 - 27°C. nemaawa 16 echiedza pazuva roga roga.
Zuva rechi 22 kusvika rechi 28, 21 - 24°C. nemaawa 17 echiedza pazuva roga roga.
Zuva rechi 29 kusvika rechi 35, kudziya kwakaringana nemaawa 20 echiedza pazuva.

*Tapota cherechedzai kuti chiedza chinorevawo nguva yekudya kwehuku.

Huremu hunotarisirwa

Zuva rechi 7 - 175g
Zuva rechi 14 - 487g
Zuva rechi 21 - 932g
Zuva rechi 28 - 1467g
Zuva rechi 35 - 2049g
Zuva rechi 42 - 2634g

Tafura1. Mapihwiwo Echikafu - maStraight Feed

ZERA REHUKU	MHANDO YECHIKAFU	MAGADZIRIRWO	CHIKAFU PAHUKU IMWECHETE	CHIKAFU CHEHUKU 100
Mazuva 0 - 14	BROILER STARTER CRUMBLES	N/A	500g	50KG
Mazuva 15 - 21	BROILER GROWER CRUMBLES	N/A	500g	50KG
Mazuva 22 - 28	BROILER GROWER PELLETS	N/A	1000g	100KG
Mazuva 29 kusvika pakuuraya	BROILER FINISHER PELLETS	N/A	1500g	150KG

Tafura 1: Mapihwiwo Echikafu maConcentrates

ZERA REHUKU	MHANDO YECHIKAFU	MAGADZIRIRWO	CHIKAFU PAHUKU IMWECHETE	CHIKAFU CHEHUKU 100
Mazuva 0 - 14	BROILER STARTER MASH	ZVIKAMU 2 CONC. NEZVIKAMU 3 MAKIRASHI ECHIBAGE	500g	24KG CONCENTRATE + 36KG CHIBAGE
Mazuva 15 - 28	BROILER GROWER MASH	ZVIKAMU 2 CONC. NEZVIKAMU 3 MAKIRASHI ECHIBAGE	1500g	60KG CONCENTRATE + 90KG CHIBAGE
Mazuva 29 kusvika pakuuraya	BROILER FINISHER MASH	ZVIKAMU 1 CONC. NEZVIKAMU 2 MAKIRASHI ECHIBAGE	1500 - 1700g	66KG CONCENTRATE + 132KG CHIBAGE

PROfeeds
your feed & farm professionals

Profeeds Factory Harare
82 Woolwich Road, Willowvale, Harare
Telephone +263 (4) 661048, 666960, 667173
662196, 0772 125419, 0772 125421,
0782 798266, 0782 798266.
Toll Free: NetOne 08010030, Econet 08080189,
Telecel 0731326004. www.profeeds.co.zw

Chikafu ChemaBroiler

Kubudirira mukurima huku dzenyama pazvinhanho zvose kunongobva mukugona kudzibata zvakanaka pazvese zvinechekuita nehupenyu hwadzo. Pazvinhu zvese zvinodikanwa mukuchengeta nyama zvakanaka, chikafu ndicho chiripamusoro pazvo zvese. Chikafu ndicho chinobudisa zvikamu makumi matanhatu nezvishanu kusvika kuzvikamu makumi manomwe kubva muzana (65-70%) zvemari yose inoshanda pakurima nyama yehuku dzenyama. Naizvozvo, zvakakosha zvikuru kuti chikafu chinge chakanaka nenzira dzose, uye mafambisirwo acho ange achifambirana nezvinodikanwa kuitira kuti huku dzako dzinyatsosvika chaipo chaipo padzinogona kusvika mukukura kwadzo. Donzvo guru nderekuti huku dzako dzigone kukura kusvika pacho padzinogumira nenguva pfupi-pfupi. Isu kuProfeeds tinoona kuti tawana zvishandiso chaizvo zvakakodzera mukugadzira chikafu chehuku, uye tinoshandisa nzira dzemhando yepamusoro-soro dzinokurudzirwa nanamazvikokota zvichifambirana nenguva mukugadzira chikafu chedu zvineunyanzvi. Mukuongorora kushanda kwechikafu chedu chehuku patinochigadzira nekuvarimi vakasiyana siyana vanochishandisa, takaona kuti pamavhiki mashanu chaiwo (5 weeks) huku dzedu dzinenge dzotobvira kuuraya dzasvika pahuremu hunokwana 1.8 – 2kg zvichikwira uye, ende dzakanyatsosvika zvakakwana.

PROfeeds
your feed & farm professionals

The feed range and application

Chikafu che Broiler Starter Crumbles (21% CP min)

Chikafu ichi chakagadzirirwa kupa nhiyo dzinezuva rimwe dzachochonya simba zhinji rekuvaka muviri kuti nhengo dzadzo dzinyatsokura zvakanaka. Chinofanira kupiwa huku kubva dzichinezuva rimwechete kusvika pazuva rechi14 (mavhiki maviri). Mukuronga chikafu chinodiwa, shanda nemagiremu 500 echikafu pahuku yega yega mukati memavhiki maviri iwayo.

Chikafu che Broiler Starter Concentrate (41% CP min)

Kana munhu uchiwana chibage chakachipa unogona kusanganisa Broiler Starter Concentrate yedu nechibage uchiti ukati zviviri zve Broiler Starter Concentrate woisa zvikamu zvitatu zvemakirashi echibage.

Chipimo chekusanganisa ichi chinofanirwa kuerwa nehuremu (kg), kwete huwandu, uye chibage chako ngachigaiwe kusara chava makirashi akatsetseka, pachishandiswa sefa inemaburi e3mm.

Kuti uwane chaizvo zvinodiwa, shandisa zvipimo zvakangofanana nezvema Broiler Starter Crumbles, asi woyeuka kuti sezvo chikafu ichi chakatsetseka, chinofamba nekuti huku dzinodya chakati wandei.

Chikafu che Broiler Grower Crumbles/ Pellets (19.5% CP)



Chikafu ichi chakagadzirirwa kuchipedzisa rwendo rwekuvaka nhengo dzemuviri wehuku kuti dzinyatsokura zvakanaka dzichiumbika nekugadzira nyama yakasvika. Chikafu ichi chinemhando mbiri - ma Broiler Grower Crumbles nema Pellets, uye chinofanira kupiwa huku kubva pazuva rechi15 kunosvika pazuva rechi28 (mavhiki maviri), macrumbles achipiwa muvhiki yekutanga kozoti mapellet muneyepiri yacho. Mukuronga chikafu chinodiwa, shanda nemagiremu 1500g (1.5kg) echikafu pahuku yega yega mukati memavhiki maviri iwayo, chichipatsanurwa chakati 500g ye Broiler Grower Crumbles ne1kg ye Broiler Grower Pellets.

Chikafu che Broiler Grower Concentrate (40% CP min)

Kana munhu uchiwana chibage chakachipa, unogona kusanganisa Broiler Grower Concentrate yedu nechibage uchiti ukati zvikamu zviviri zve Broiler Grower Conc. woisa zvikamu zvitatu zvemakirashi echibage.

Chipimo chekusanganisa ichi chinofanirwa kuerwa nehuremu (kg), kwete huwandu, uye chibage chako ngachigaiwe kusara chava makirashi akatsetseka, pachishandiswa sefa inemaburi e3mm.

Kuti uwane chaizvo zvinodiwa, shandisa zvipimo zvakangofanana nezvema Broiler Grower Pellets, asi woyeuka kuti sezvo chikafu ichi chakatsetseka, chinofamba nekuti huku dzinodya chakati wandei.

Chikafu che Broiler Finisher Pellets (18% CP)

Chikafu ichi chakagadzirirwa kuchipedzisa rwendo rwekuumbika nekugadzirika kwenyama yakati svikiti. Chikafu ichi chinofanira kupiwa huku kubva pazuva rechi29 kunosvika pazuva rekudziuraya. Zuva rekuuraya huku rinongoenderana nemamiriro emaketi yemurimi, asi panozosvikawo zuva rechi35, zvichiraudzirawo nemazuva asingadariki matatu, murimi anofanirwa kuuraya huku dzake kana akatarisira kuwana huremu hwe1.8kg zvichisvika pa2kg yehuku mhenyu. Mukuronga chikafu chinodiwa, shanda nemagiremu 1500 - 1700g (1.5kg - 1.7kg) echikafu pahuku yega yega mukati memavhiki maviri iwayo.

Chikafu che Broiler Finisher Concentrate (39% CP)

Unogona kusanganisa Broiler Finisher Concentrate yedu nechibage uchiti ukati chikamu chimwechete che Broiler Finisher Concentrate woisa zvikamu zviviri zvemakirashi echibage

Chipimo chekusanganisa ichi chinofanirwa kuerwa nehuremu (kg), kwete huwandu, uye chibage chako ngachigaiwe kusara chava makirashi akatsetseka, pachishandiswa sefa inemaburi e3mm.

Kuti uwane chaizvo zvinodiwa, shandisa zvipimo zvakangofanana nezvema Broiler Finisher Pellets, asi woyeuka kuti sezvo chikafu ichi chakatsetseka, chinofamba nekuti huku dzinodya chakati wandei.